

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1. Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana (Arikunto, 2002:136). Luyu jeung wangenan di luhur, méthode jeung téhnik panalungtikan téh baris ngumpulkeun data panalungtikan ku cara ngalaksanakeun prosés diajar ngajar pikeun meunangkeun hasil pratés jeung pascaté.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuasi ékspérimén (ékspérimén semu) kalawan ngagunakeun prates jeung pascates. Dina méthode ieu henteu ngagunakeun kelas kontrol, tapi ukur ngagunakeun kelas ékspérimén. Rancangan ékspérimén digambarkeun samodél di handap ieu:

Rancangan Ékspérimén

Grup	Pretés	Perlakuan	Postés
Ékspérimén	0 ₁	X	0 ₂

(Arikunto, 2002: 78)

Keterangan:

0₁: Hasil observasi saméméh perlakuan

0₂: Hasil observasi sabada perlakuan

X: Perlakuan, nya éta digunakeun modél pangajaran CIRC dina ngajarkeun pangajaran nulis karangan déskripsi.

3.2. Populasi jeung Sampel

a) Populasi

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh karangan siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung anu jumlahna kurang leuwih 290 karangan siswa tina genep kelas.

b) Sampel

Sampel nya éta sabagian atawa wakil populasi nu ditalungtik (Arikunto, 2002:109). Dina ieu panaluntikan ngagunakeun random sampling ku cara diundi pikeun nangtukeun sampel siswa diacak henteu dipilih-pilih. Suyatna (2002:11) nétélakeun yén teu aya katangtuan pasti ngeunaan nangtukeun jumlah sampel tina populasi, dina analisa statistik yén beuki loba sampel nu ditangtukeun dina populasi, ku kituna data anu ditaluntik tangtu leuwih valid.

Sampel dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh karangan siswa kelas VIII A SMP Pasundan 3 Bandung anu jumlahna 40 karangan siswa.

3.3. Prosedur Panalungtikan

a) Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ku cara tés. Tés nya éta saruntuyan pertanyaan atawa latihan jeung alat nu lianna anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat anu dipimilik ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2002:127).

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pretés jeung postés anu dibikeun ka siswa anu jadi sampel panalungtikan. Pratés dibikeun ka siswa pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis karangan déskripsi saacan ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC). Sedengkeun postés dibikeun ka siswa sabada ngagunakeun modél CIRC ieu.

b) Instrumén Panalungtikan

Instrumén atawa alat anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés kamampuh nulis karangan. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés préstasi atawa *achievement test* anu digunakeun pikeun ngukur kamampuh hiji jalma sabada diajar hiji hal. Pikeun ngukur kaepektipan modél CIRC dina pangajaran nulis karangan déskripsi dilakukeun dua kali tes nya éta prates jeung pascates.

Dina nulis karangan siswa bébas milih topik/judul anu geus disadiakeun. Dina prates siswa nyieun karangan déskripsi tanpa dibéré heula matéri pangajaran nulis karangan déskripsi ngagunakeun modél CIRC, terus hasilna dikumpulkeun terus dipeunteun pikeun mikanyaho skor awal. Siswa nyieun karangan déskripsi

sabada dibéré treatment ngeunaan pangajaran nulis karangan déskripsi ngagunakeun modél CIRC nu mangrupa pascaté.

Kritéria meunteun hasil karangan siswa dumasar *International Study of Achievement In written Composition* (Rahman,2005:74) nya éta:

1) kualitas jeung lingkup eusi

Kualitas jeung lingkup eusi nya éta mariksa gagasan dina tulisan anu disusun ku murid.

2) organisasi jeung tampilan eusi

Organisasi jeung tampilan eusi, hubunganana jeung jumlah uraian eusi karangan (uraian ide) dina nyusun tulisan.

3) gaya basa

Milih gaya sarta tulisan anu merenah ditién tina ngagunakeun kalimah anu éféktif sarta ngagunakeun basa anu baku.

4) wangun gramatikal

Wangun gramatikal tulisan ngawengku kalimah anu ditulis ku murid, patali jeung fungsi kalimah ngawengku fungsi jejer (subjék), carita (prédikat) salaku unsur anu wajib aya, sarta udagan (objék), panglengkep (pelengkap), jeung kateranagan (keterangan) mangrupa unsur anu teu wajib aya.

5) éjahan

Éjahan dina ieu panalungtikan dipuseurkeun kana ngagunakeun hurup kapital, ngamimitian dina nulis, ngagunakeun rarangkén hareup, jeung tanda baca.

6) karapihan tulisan

7) karapihan tulisan mangrupa indikator tampilan fisik. Tulisan jieunan murid ngagunakeun hurup anu jelas sarta babari kabaca.

Format pedoman meunteun karangan éta saperti di handap ieu:

Tabél 3.1
PEDOMAN MEUNTEUN KARANGAN DÉSKRIPSI

Kamampuh Nulis	Skor	Tingkat	Keterangan
<i>A</i>	<i>B</i>	<i>C</i>	<i>D</i>
Kualitas & lingkup Eusi	5	Hadé pisan	Ngarti pisan, pinuh ku gagasan, luyu pisan jeung topik, jéntré pisan
	4	Hadé	Ngarti, pinuh ku gagasan, luyu jeung topik, jéntré
	3	Sedeng	Ngarti kalawan ngawates, gagasan ngawates, jéntré kalawan ngawates
	2	Kurang	Kurang ngarti, kurang gagasan, kurang jéntré
	1	Kurang pisan	Teu ngarti, miskin ku gagasan, teu keuna jeung topik
Organisasi & Tampilan Eusi	5	Hadé pisan	Eusi lengkep pisan, rinci pisan, urutan logis, kohési luhur pisan
	4	Hadé	Eusi lengkep, rinci, urutan logis, kohési luhur
	3	Sedeng	Eusi lengkep, kurang rinci, urutan logis, kohési kurang luhur
	2	Kurang	Eusi teu lengkep, kurang rinci, kurang logis, kohési teu luhur
	1	Kurang pisan	Eusi kurang pisan, teu rinci, urutan teu logis, teu aya kohési
Gaya Basa	5	Hadé pisan	Merenah pisan, éféktif pisan, ngawasa pisan milih kecap anu merenah
	4	Hadé	Merenah, éféktif, milih kecap merenah, saeutik kasalahan
	3	Sedeng	Merenah kalawan ngawates, éféktif, milih kecap merenah, aya kasalahan
	2	Kurang	Kurang merenah, kurang éféktif, kurang ngawasa milih kecap, loba kasalahan
	1	Kurang pisan	Teu merenah, teu éféktif, teu paham milih kecap, loba pisan kasalahan

<i>A</i>	<i>B</i>	<i>C</i>	<i>D</i>
Wangun Gramatikal	5	Hadé pisan	Nyusun kalimah kompleks, ngawasa pisan tatabasa.
	4	Hadé	Nyusun kalimah basajan, saeutik kasalahan tatabasa teu ngawurkeun ma'na
	3	Sedeng	Nyusun kalimah basajan, kasalahan tatabasa ngawurkeun ma'na
	2	Kurang	Hésé nyusun kalimah basajan, loba kasalahan tatabasa ngawurkeun ma'na
	1	Kurang pisan	Teu ngawasa nyusun kalimah, teu komunikatif, teu cukup dipeunteun
Éjahan	5	Hadé pisan	Ngawasa pisan kaédah dina nulis kecap, teu aya kasalahan
	4	Hadé	Ngawasa kaedah dina nulis kecap, saeutik aya kasalahan
	3	Sedeng	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, kasalahan teu loba pisan
	2	Kurang	Kurang ngawasa kana kaédah dina nulis kecap, loba pisan kasalahan
	1	Kurang pisan	Teu ngawasa kana kaédah nulis, teu cukup pikeun dipeunteun
Karapihan Tulisan	5	Hadé pisan	Alus pisan, rapih, babari kabaca, beresih
	4	Hadé	Rapih, kabaca, aya saeutik corétan
	3	Sedeng	Kurang rapih, kabaca, loba corétan
	2	Kurang	Teu rapih, loba anu teu kabaca, loba coretan, kotor
	1	Kurang pisan	Teu rapih, tulisan teu kabaca
Jumlah skor	6-30		
Peunteun	2-10		

Kacindekan Skor:

Hadé pisan : 27 - 30

Hadé : 23 - 26

Sedeng : 18 - 22

Kurang : 12 - 17

Kurang Pisan : 6 - 11

Conto instrumén tés keur siswa:

TES NGARANG

Susun karangan déskripsi panjangna sakurang-kurangna tilu paragraf. Judul karangan bisa milih tina pilihan ieu di handap!

- Désa Kuring Banjir
- Kaéndahan Alam di Pagunungan
- Pasosoré di Basisir

3.4. Téhnik Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun diolah pikeun néangan jawaban-jawaban anu jadi masalah dina ieu panalungtikan. Data dina ieu panaluntikan nya éta data hasil tina tés siswa nu kabagi dua nya éta, pratés jeung pascatés anu nangtukeun kana hasil ahir hipotésis anu léngkah-léngkahna saperti ieu di handap:

a. Méré Peunteun Karangan Siswa

Pikeun nangtukeun jumlah skor karangan siswa, digunakeun pedoman meunteun saperti nu kaugel dina tabél 3.1. Skor anu kahontal siswa dirobah jadi skor ahir kalayan ngagunakeun rumus:

$$n = \frac{\text{skor nu kahontal}}{\text{skor ideal}} \times 100\%$$

Siswa dianggap geus mampu nyusun karangan déskripsi lamun skorna teu kurang ti 60 ku kituna, skor ahir siswa nu kurang ti 60 dianggap can mampu.

b. Uji Gain

Pikeun nangtukeun gain, baris ngagunakeun tabél di handap.

No	Praté	Pascaté	Σ	d	d ²
1	2	3	4	5	6
K1					
K2					
	Σ				
	\bar{X}				

c. Uji Sipat Data

(1) Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal, salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata. Pikeun nangtukeun yén data téh miboga sipat anu normal atawa henteu, bisa ngagunakeun rumus *chi kuadrat* (χ^2).

Saméméh ngagunakeun rumus *chi kuadrat* (χ^2), dilakukeun heula léngkah-léngkah saperti di handap:

- nyieun tabél frékuénsi skor pratés jeung pascaté kalayan ngagunakeun tabél:

Peunteun (x)	f	f . x	f . x ²
1	2	3	4
K1			
K2			
Σ			

- ngitung rata-rata (*mean*) skor pratés jeung pascaté

$$X = \frac{\sum fx}{\sum f}$$

- néangan standar déviiasi ngagunakeun rumus:

$$SD = \sqrt{\frac{N \cdot \sum f \cdot x^2 - (\sum f \cdot x)^2}{N(N-1)}}$$

- nyieun frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspétasi, léngkah-léngkahna nya éta:
 - a. nangtukeun panjang kelas
 - b. nangtukeun rentang
 - c. ngitung jumlah kelas
 - d. ngitung Z
 - e. nangtukeun ambahan/legana unggal kelas interval (L)
 - f. ngitung frékuénsi ékspétasi $E_i = L \times N$
 - g. nangtukeun chi kuadrat anu rumusna,

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

- hasil tina léngkah-léngkah di luhur bisa diasupkeun kana tabél di handap.

kelas	O _i	bk	Z	D	L	E _i	x ²
1	2	3	4	5	6	7	8
K1							
K2							
Σ							

(Arikunto, 2002:275-288)

- nangtukeun *derajat kabébasan*
- nangtukeun chi-kuadrat tina daptar
- nangtukeun normal henteuna distribusi data ngaliwatan kritéria:

$\chi^2_{itung} \leq \chi^2_{tabel}$ hartina distribusi data normal, tapi

$\chi^2_{itung} \geq \chi^2_{tabel}$ hartina distribusi data teu normal

(2) Uji Homogénitas

Tujuan tina homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sampel tina populasi nu sarua. Sarua jeung uji normalitas pikeun nangtukeun homogén henteuna data ngagunakeun rumus Chi-kuadrat kalayan léngkah-léngkahna saperti di handap:

- nangtukeun skor variabel x masing-masing kelompok pratés jeung pascatés
- ngitung variansi masing-masing kelompok

$$S^2 = \frac{n \cdot \sum fx^2 - (\sum fx)^2}{n(n-1)}$$

- hasil tina variansi diasupkeun kana distribusi F

$$F = \frac{S^2 b}{S^2 k}$$

- ngitung *derajat kebébasan* (db)

$$db = n-1$$

- nangtukeun F tabél
- nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria:

$$\chi^2_{itung} \leq \chi^2_{tabel} \text{ hartina data homogén, tapi lamun}$$

$$\chi^2_{itung} \geq \chi^2_{tabel} \text{ hartina data teu homogén}$$

(3) Uji Hipotésis

Pikeun nguji hipotésis, kudu ngaliwatan heula léngkah-léngkah saperti ieu:

- Nyieun tabél uji jumlah rata-rata pratés jeung pascatés:

No	Praté	Pascaté	d	d ²	Xd (d-Md)
1	2	3	4	5	6
K1					
K2					
	Σ				
	\bar{X}				

- néangan béda mean tina pratés jeung pascaté kalawan ngagunakeun

rumus:

$$Md = \frac{\Sigma d}{N}$$

- ngitung *derajat kebebasan* (db), kalawan rumus:

$$db = n - 1$$

- ngitung t itung kalawan rumus:

$$\Sigma x^2 d = \Sigma d^2 - \frac{(\Sigma d)^2}{N}$$

- Ngabuktikeun hipotésis

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\Sigma x^2 d}{N(N-1)}}}$$

(Arikunto, 2002:78)

3.5. Uji Coba Kegiatan Diajar Ngajar

3.5.1. Tahap Persiapan Kegiatan Diajar Ngajar

Tahap persiapan kegiatan diajar ngajar kaugel dina rancangan pangajaran atawa RPP. Rancangan pangajaran dipiharep sangakan kegiatan diajar ngajar lumangsung kalayan lancar tur bisa ngahontal kana tujuan pangajaran.

Rancangan Pangajaran (RPP) eusina mangrupa sagala aktivitas/rencana pangajaran anu rék dilakukeun salila kagiatan diajar ngajar lumangsung pikeun ngahontal kompeténsi nu geus ditangtukeun.

Rancangan Pangajaran (RPP) sipatna tehnik tur dipaké salaku acuan kagiatan diajar ngajar tur dina prak-prakanana guru diberé kawenangan pikeun mekarkeun sorangan eusi rancangan pangajaranna luyu jeung kabutuhanana dumasar kana kurikulum nu geus ditangtukeun.

Rancangan pangajaran nulis karangan déskripsi kaugel dina RPP di handap ieu:

RENCANA PEMBELAJARAN	
Mata Pelajaran	: Bahasa Daerah (Sunda)
Satuan Pendidikan	: SMP
Kelas / Semester	: VIII / 2
Alokasi Waktu	: 1 X pertemuan (2 jam pelajaran)
I.	Standar Kompetensi Mampu ngedalkeun pikiran, rasa, jeung kahayang sacara tinulis dina wangun nulis karangan deskripsi.
II.	Kompetensi Dasar Nulis Karangan Déskripsi
III.	Indikator <ul style="list-style-type: none"> • Bisa nangtukeun topik anu rek dimekarkeun • Bisa nyusun karangan deskripsi dumasar kana topik/tema nu geus tangtu • Bisa nitenan ciri karangan deskripsi
IV.	Materi Pokok Karangan Déskripsi

- V. Media dan Sumber Pembelajaran
- 5.1 Media Pembelajaran
- Teks Karangan Déskripsi
- 5.2 Sumber Pembelajaran
- Buku pakét
- VI. Langkah Pembelajaran
- 6.1 Tatahar (10 menit)
- Guru ngawangun kelompok
 - Guru nyayagikeun téks
 - Guru ngabsén jeung ngarapihkeun sangkan museurkeun perhatian siswa
- 6.2 Kagiatan Inti (60 menit)
- Siswa maca conto karangan déskripsi
 - Siswa neangan ide pokok ogé méré tanggapan kana éta wacana
 - Siswa nyungsi ciri-ciri karangan déskripsi
 - Siswa macakeun hasil gawé kelompok
 - Siswa nulis karangan déskripsi
- 6.3 Panutup (10 menit)
- Guru jeung siswa nyindekeun karangan déskripsi
- VII. Desain Pembelajaran
- Pendekatan Pembelajaran
- Pendekatan kompetensi komunikatif
 - Pendekatan kontéktual
- Métode Pembelajaran
- Metode langsung
 - Tanya jawab
- Téhnik Pembelajaran
- Latihan
 - Pancén
 - Diskusi
- VIII. Penilaian
- 8.1 Warna Tagihan
- Pancén individual
- 8.2 Wangun Instrumén
- Tés nulis

8.3 Soal

- Jieun karangan déskripsi tina salah sahiji topik/judul dihandap ieu!
 - a. Désa Kuring Banjir
 - b. Kaéndahan Alam di Pagunungan
 - c. Pasosoré di Basisir

3.5.2. Tahap Pelaksanaan Kegiatan Diajar Ngajar

Syaiful Bahri & Aswan Zain (2002:44) nétélakeun yén kagiatan diajar ngajar mangrupa inti kagiatan dina pendidikan. Sagala anu geus diprogramkeun bakal dilaksanakeun dina prosés diajar ngajar. Dina kagiatan diajar ngajar bakal ngalibatkeun sakabeh komponén pangajarn, kagiatan diajar ngajar bakal nangtukeun sa jauh mana tujua nu geus ditetepkeun bisa kahontal. Dina kagiatan diajar ngajar, siswa minangka subjék jeung salaku objék tina kagiatan pangajaran. Ku kituna, inti prosés pangajaran nya éta kagiatan diajar siswa dina ngahontal tujuan pangajaran.

Dina pelaksanaan kagiatan diajar ngajar nulis karangan déskripsi ngagunakeun modél CIRC ngawengku tilu tahapan.

1) Pelaksanaan pratés

Dina prates siswa nyieun karangan déskripsi tanpa dibéré heula matéri pangajaran nulis karangan déskripsi ngagunakeun modél CIRC. Hasil tina pratés dikumpulkeun terus dipeunteun pikeun mikanyaho skor awal.

2) Midangkeun bahan pangajaran

Bahan pangajaran anu ditepikeun nya éta pangajaran nulis karangan déskripsi ngagunakeun modél CIRC. Dina kagiatan pangajaran dijelaskeun

léngkah-léngkah nulis karangan déskripsi ngagunakeun modél pangajaran CIRC ny éta:

- a) guru ngawangun kelompok anu masing-masing kelompok kawangun ku opat siswa sacara hétérogén;
- b) guru nepikeun wacana, méré téks karangan déskripsi ka siswa;
- c) siswa maca éta téks karangan déskripsi tuluy néangan idé pokok jeung méré tanggapan kana éta téks nu ditulis dina lembar jawaban;
- d) siswa macakeun hasil gawé jeung batur sakelompokna;
- e) guru nyieun kacindekan ngeunaan karangan déskripsi babarengan jeung siswa; jeung
- f) guru macakeun kacindekan ngeunaan karangan déskripsi.

3) Pelaksanaan pascatés

Pelaksanaan pascatés mangrupa kagiatan ahir tina kagiatan panalungtikan. Dina pascatés siswa nyieun karangan déskripsi sabada dibéré treatment ngeunaan pangajaran nulis karangan déskripsi ngagunakeun modél CIRC. Pelaksanaan pascatés tujuanana pikeun mikanyaho kamampuh siswa kana matéri nu geus ditepikeun dina kagiatan diajar ngajar.

